

Chè Kominote Lekòl Piblik Boston,

Avèk nouvèl la k ap devlope konsènan kowonaviris la, nou vle w konnen n ap pran sityasyon trè serye, epi n ap pran aksyon agresif kounye la pou nou limite simayaj viris sa a. Se premye priyorite nou pou nou pran etap ak prekosyon ki nesèsè pou nou kenbe vil nou, travayè nou yo ak kominote nou an sekirite. Nou konprann gen ensètitud nan kominote nou pandan nou fè fas a kriz sante piblik global sa a k ap evolye rapidman, men nou vle w konnen an tan ke Majistra ak Sipèntendant Lekòl ou a, nou angaje pou nou fè tout sa nou kapab pou nou kenbe w an sekirite ak okouran.

Atravè Vil la, ofisye sante ak sekirite piblik nou yo ap pran anpil aksyon pou nou prepare pou tout senaryo konsènan kowonaviris la. Nou te komanse preparasyon pou yon repons an sekirite ak efikas an Janviye, epi nou kontinye ap ajiste yo ak eskale yo selon bezwen.

Tanpri konprann kèk nan aksyon n ap pran yo kapab deranje, men yo nesèsè pou nou kenbe moun Boston yo an sante ak sekirite. Pi resanman la, nou te pran desizyon pou nou fèmen twa kanpis Lekòl Eliot K-8 nan zòn North End la tanporèman akòz yon ka prezime de kowonaviris la nan yon manm kominote skolè a ki pa yon elèv. Desizyon pou nou fèmen yon lekòl se pa youn nou pran fasil paske nou rekonèt gwo enpak li genyen sou elèv yo, pèsònèl ak staf yo, ak kominote a an jeneral. Nan moman sa a, n ap planifye pou nou re-ouvri tou le twa sit Lekòl Eliot la jedi 19 mas 2020. Pandan lè sa a, nou pral netwaye bilding ak bis lekòl yo byen, epi enfimyè sante piblik yo pral kontinye ap evalye risk la pandan yo chache moun ki an kontak ak endividi sa a, epi konekte moun ak tès e swen medikal si yo bezwen li.

Tanpri konnen si nou oblije pran yon desizyon pou nou fèmen yon lekòl akòz yon ka konfime de viris la, nou pral notifiye kominote lekòl sa touswit.

Kounye la, fòkis nou rete sou konteni simayaj viris la, epi se pou sa n ap mande tout rezidan yo etidye enfòmasyon yo sou kijan pou yo kenbe tèt yo, fanmi yo ak kominote a an sekirite. Pou yon lis etap pwoaktif ou ka pran, tanpri ale nan: boston.gov/coronavirus.

Premye priyorite nou rete kenbe moun Boston an sekirite ak sante. Nou swete nan pran etap prevantif kounye a, nou pral limite enpak kowonaviris la genyen nan Boston. Nou pral kontinye ap siveye sityasyon an byen epi n ap kenbe w okouran pandan nou kontinye ap aprann plis.

Sensèman,

Majistra Walsh ak Sipèntendant Cassellius